

7 desanm

(Jezi di :) Renmen tout lènmi nou yo. Fè byen pou moun ki rayi nou. Mande benediksyon pou moun k ap ban nou madichon. Lapriyè pou moun k ap maltrete nou...

Tou sa nou va vle lòt moun fè pou nou, fè l pou yo tou. Lik 6. 27, 28, 31

Soti nan rayisman pou vin nan renmen (1)

Pearl Harbor, 7 desanm 1941, a 7 tè 53 minit : kòmandan lame Japonè a Mitsuo Fuchida, fè premye atak li kont flòt lame amerikèn nan ki te nan zòn Pasifik la, li pibliye yon mesaj kode nan lang Japonè a konsa : “Tora, Tora, Tora” ki vle di (atak la se yon sipriz total). Yo detwi flòt amerikèn nan ki te nan blòk pasifik la. Sèjan ameriken ki rele : Jacob Deshaser te resevwa nouvèl la nan radyo, konsa li te bay tèt li volontèman pou tout atak kont Japon pou pran vanjans yo. Nan dat 18 avril 1942, Etazini fè yon rèd kont Japon, objektif la se bonbade Tokyo. Aprè yo fin lage bonm yo, moun ki te nan aparèy yo te dwe sote nan parachit.

Yo te mete Jacob Deshaser nan prizon, yo tòtire l. Li te rayi tout moun yo ki te fè l soufri konsa. Men, li grandi nan yon fanmi kretyèn, kwak li pa t pataje fwa paran li yo li te sonje ke krisyanis la anseye, nou dwe renmen moun ki rayi nou. Avèk anpil siplikasyon li te resevwa yon Bib e li te li Bib la avèk anv. Li te dekouvri ke Jezi se Pitit gason Bondye pwofèt yo te anonse a. Lè l di “Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Senyè a, si ou kwè nan kè ou tout-bon Bondye te fè li leve sòti vivan pami mò yo, wa sove” Women 10. 9, Jacob te sipliyè Bondye pou li padonnen li. 8 jen 1944 sa a, li te vin yon lòt moun. Li te santi l, libere, kè li te an pè. Rayisman li te gen kont gad yo ki te tòtire li a te chanje an konpasyon. Li te sonje pawòl Jezi yo sou kwa a : “Papa, padonnen yo, paske yo pa konprann sa y ap fè a” (Lik 23. 34). E Bondye te ba li fòs pou l te reponn ak lanmou anba britalite gad sa yo. Gè a te fini, Jacob te libere e te retounen nan peyi li.

7 décembre

(Jésus dit :) Aimez vos ennemis ; faites du bien à ceux qui vous haïssent ; bénissez ceux qui vous maudissent ; priez pour ceux qui vous injurient...

Comme vous voulez que les hommes vous fassent, vous aussi faites-leur de même. Luc 6. 27, 28, 31

De la haine à l'amour (1)

Pearl Harbor, 7 décembre 1941, 7h 53 : le commandant japonais de la première vague d'attaque, Mitsuo Fuchida, émet le célèbre message codé : "Tora, Tora, Tora" (l'attaque est une surprise totale). La flotte américaine du Pacifique est en grande partie détruite. Aux Etats-Unis, le sergent Jacob DeShazer apprend la nouvelle à la radio et se porte volontaire pour le raid de représailles "Doolittle", le 18 avril 1942. Objectif : le bombardement de Tokyo. Après avoir lâché ses bombes, l'équipage doit sauter en parachute.

Fait prisonnier, Jacob DeShazer subit de cruelles tortures. Son cœur est rempli de haine envers l'ennemi. Élevé dans une famille chrétienne sans en partager la foi, il se souvient que le christianisme enseigne de répondre à la haine par l'amour. A force de supplications, il obtient une Bible et la lit avec avidité. Il y découvre que Jésus est bien le Fils de Dieu annoncé par les prophètes. Lorsqu'il lit : "Si, de ta bouche, tu reconnais Jésus comme Seigneur, et si tu crois dans ton cœur que Dieu l'a ressuscité d'entre les morts, tu seras sauvé" (Romains 10. 9), Jacob supplie Dieu de le pardonner. Ce 8 juin 1944, il devient une nouvelle personne. Il se sent libéré, le cœur en paix. Sa haine envers ses gardes cruels se change en compassion. Il se souvient des paroles de Jésus sur la croix : "Père, pardonne-leur, car ils ne savent pas ce qu'ils font" (Luc 23. 34). Et Dieu lui donne la force de répondre par l'amour à la brutalité de ses gardiens. La guerre se termine enfin. Jacob DeShazer est libéré et retourne dans son pays.